



Impanuro nyuma yo gukomeraka mu menyo

Amenyo yakomeretse ashobora kuzana ingorane nyinshi nyuma y'amezi menshi canke imyaka myinshi nyuma yo gukomeraka. Ningombwa ko amenyo yakomeretse asuzumwa buri gihe n'umuganga w'amenyo

Abavyeyi/abarezi bafise uruhara ruhambaye mu kuvurwa kw'amenyo yakomeretse. Urashobora gufasha muri ubu buryo:

- Gukurikiza impanuro yatanzwe n'umuganga w'amenyo
- Gukora vyose bishoboka kugira ngo ahantu hakomeretse hagire isuku nk'uko bishoboka:
 - Kwoz'amenyo n'uburoso gahorogahoro inshuro 2 ku musi
 - Cisha mukanwa amazi ashushe gato arimwo umunyu uhejeje amafunguro.
- Shikirana na kiliniki y'amenyo n'ubona:
 - ihinduka iryo ari ryose ry'ibara ry'iryinyo/ry'amenyo akomeretse. (Ishusho 1)
 - ububabare ubwo aribwo bwose canke kuvyimba kujanye n'iryinyo rikomeretse (Ishusho 2)

Kuvurwa iryinyo rikomeretse bishobora gusaba kubonana na muganga w'amenyo inshuro zitari nke. Ibi bishobora kubamwo:

- Kuvura vyihutirwa iryinyo rikomeretse n'akanwa
- Icuma gifata amashusho (Radiography) gusuzuma ko hakize
- Guhoma kworoshe gutunganya "iryinyo ricitse gato"
- Kuvura umutsi w'iryinyo kubera ibikomere bikomeye.

Amasango yo gusubiramwo isuzuma ashobora gukenerwa hafi y'amezi 3, 6, 12 na 24 gukurikirana gukora n'ugusuzuma ingorane. Rimwe na rimwe umwana wawe ashobora kurungikwa ku muhinga kuvurwa kubera ko igikomere kiragoye. Nimba kurungikwa bikenewe, abavyeyi/abarezi bazoba bafise amabanga yo kwishura.

Turagusavye ushikirane na kiliniki kw'inamba iri hano hasi nimba ukeneye amakuru yinyogera.



Ishusho 1 :
Iryinyo ryirabura



Ishusho 2 :
Kuvyimba hagati
y'amenyo abiri y'imbere



Kuzindi nkuru turagusavye uyage na muganga wawe w'amenyo

Wipfuzwa izindi nkuru canke gutanga icyumviro ciwawe?

Uru rwandiko rushobora kuboneka muri formats zubundi bwoko nka braille, audio tape canke muburyo bwa elektroniki bisabwe.



Communications Officer, Dental Health Services
Locked Bag 15, Bentley Delivery Centre, WA 6983



publications@dental.health.wa.gov.au



(08) 9313 0555



www.dental.wa.gov.au

